



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU 273 MILYON DOLA POU RANN PWOJÈ ENFRASTRIKTI IDWOLIK LOKAL YO AKSESIB ATRAVÈ ETA NOUYÒK

Apwobasyon asistans finansye a otorize aksè minisipal nan kapital ki nesèsè pou pwojè ki diminye risk sou sante piblik ak anviwònman an

Genyen ladan l yon Sibvansyon pou Remiz ak Transfòmasyon Enfrastrikti Prensipal pou Vil Albany, ki se premye sibvansyon ki apwouve dapre inisyativ 100 milyon dola Gouvènè Hochul la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) te apwouve 273 milyon dola asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti idwolik nan Eta Nouyòk. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan finansman nan pri ki ba ak sibvansyon ki te anonse anvan yo pou fè avanse pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan, tankou pwosesis tretman pou ranplase liy sèvis an plon ak pwosesis tretman yo pou retire kontaminan k ap emèje nan dlo potab yo.

Anons jodi a make premye subvansyon ki apwouve dapre nouvo pwogram Remiz ak Transfòmasyon Enfrastrikti Prensipal la (Lead Infrastructure Forgiveness and Transformation program), apre anons Gouvènè Hochul la nan sezon otòn ki pase a de inisyativ 100 milyon dola san presedan sa. Konsèy EFC a te apwouve finansman pou yon pwojè 12.9 milyon dola pou ranplase apeprè 2,500 tiyo an plon sistèm idwolik la nan Albany. Sa fè pati yon pi gwo efò 340 milyon dola atravè New York ki itilize alafwa finansman eta a ak finansman federal pou retire plon an. Albany se youn nan 12 kominote k ap resevwa prè sibvansyon pou remiz sa yo pou kouvri depans sibvansyon federal yo pa peye nèt yo, k ap ede asire ke kontribyab lokal nan kominote sa yo pa pote chaj finansye pwojè vital sa yo.

"Anons jodi a se yon lòt gwo etap pou asire ke Nouyòkè yo pa bezwen ap enkyete si dlo k ap soti nan wobinè yo sekirize," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se premye priyorite mwen pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, e se poutèt sa mwen angaje yon lòt 500 milyon dola pou dlo pwòp nan bidjè egzekitif mwen an. Lè n ede kominote yo finanse modènizasyon esansyèl nan sistèm idwolik yo, n ap pwoteje sante piblik la, anviwònman an, ak lajan Nouyòkè yo."

Konsèy EFC a te apwouve sibvansyon ak finansman pou gouvènman lokal yo nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp ak Dlo Potab (Clean Water and Drinking Water State Revolving Funds) yo – yon melanj lajan federal ak eta a ki dedye pou finance pwojè enfrastrikti idwolik kominote yo – ak sibvansyon eta a te deja anonse dapre pwogram Remiz ak Transfòmasyon ak Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik yo. Apwobasyon Konsèy la se yon etap enpòtan nan pwosesis finansman an epi l ap pèmèt kominote yo gen aksè nan finansman sa yo pou mizanplas pwojè.

Investisman eta a ap pwofite de finansman federal la pou kontinye bay kominote lokal yo kapasite pou fè amelyorasyon ki enpòtan nan sistèm yo pou garanti sante piblik, pwoteje anviwònman an, ranfòse preparasyon pou klima kominote yo, epi ankouraje devlopman ekonomik.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Kominote ki sen yo se kominote ki solid, e se poutèt sa li tèlman enpòtan pou investi nan enfrastrikti idwolik ki modèn, e rezistan. Lè nou sipòte pwojè sa yo, nou p ap sèlman pwoteje sante piblik la jodi a - Gouvènè Hochul ap asire ke jenerasyon alavni yo gen aksè nan dlo ki fyab, ki sekirize san yo pa mete yon chak finansye sou kontribyab yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare, "Gras ak angajman kontini Gouvènè Hochul ak yon lòt investisman 500 milyon dola nan Bidjè Egzekitif la pou garanti kominote yo epi pwoteje resous natirèl yo, Eta Nouyòk kontinye ede asire aksesibilite alontèm nouvo pwojè kalite dlo minisipal yo ak pwojè ki egziste yo. Pou apiye travay reyisi ke DEC, EFC ak anpil nan patnè nou yo te avanse pou amelyore enfrastrikti idwolik nan tout eta a, inisyativ ak investisman yo te anonse jodi a ap fè pwomosyon pwoteksyon anviwònmantal, pwoteje piblik la kont plon ak polisyon kontaminan k ap emèje, epi anpeche inondasyon lè nou ranfòse rezistans epi fè pwomosyon dirabilite."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye kenbe angajman li pou bay dlo potab ki san danje epi ki fyab pou tout Nouyòkè yo. Dènye anons sa ap ede minisipalite yo finance pwojè enfrastrikti idwolik ki enpòtan k ap retire plon, pwoteje kont chanjman klimatik la epi garanti sante ak byennèt kominote yo jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

Sekretè Deta New York la, Walter T. Mosley, te deklare, "Enfrastrikti dlo pwòp nan pri ki abòdab poze baz pou kominote ki an sante epi ki pwospere nan tout Empire State la. Yon lòt fwa ankò, bidjè Gouvènè Hochul la genyen ladan plizyè milyon pou modènize sistèm dlo lokal yo, k ap kreye travay, pwoteje epi prezève anviwònman an epi amelyore sante piblik pou kominote toupatou nan eta a."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Tout moun merite aksè ak dlo pwòp ak sistèm dlo modèn. Kounye a, gras a Lwa Bilateral pou Enfrastrikti ak Travay la, gen yon 100 milyon dola istorik k ap koule nan kominote yo soti nan Lockport rive nan Long Island

pou modènize enfracstrikti dlo - ki enkli gwo finansman pou ranplase liy sèvis an plon yo nan Albany. Dola sa yo pral ede ba minisipalite yo nan tout eta a sipò yo bezwen pou modènize sistèm dlo enpòtan yo. Sa vle di tou travay, travay, travay, ki edifye kominote nou yo ak estimile ekonomi an ak pwojè ki te dwe fèt depi lontan pou fè dlo Nouyòk yo vin pi an sante ak pi pwòp. Mwen fyè pou m bay gwo finansman sa a epi mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul nan batay pou chanje enfracstrikti dlo eta a ki aje, kreye travay pou Nouyòkè yo, epi kenbe kominote nou yo an sekirite ak an sante."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Lè mwen te vote pou Lwa Bilateral sou Enfracstrikti nou an, mwen te patikilyèman fyè de mezi nou te mete ladan l yo pou bay plis pase 50 milya dola pou ede eta ak minisipalite atravè nasyon an ranfòse dlo potab, dlo ize, ak enfracstrikti dlo lapli yo. Kounye a, mwen kontan pou wè plis nan investisman sa yo ap koule nan kominote atrevè Eta Nouyòk yo. Avèk 273 milyon dola finansman eta ak federal ki angaje nan pwojè enfracstrikti idwolik ki enpòtan, ki genyen ladan l 12.9 milyon dola pou ranplase apeprè 2,500 liy sèvis an plon nan Vil Albany, anons jodi a make yon gwo etap nan efò nou pou asire ke chak fanmi gen aksè nan dlo ki san danje potab, ki pwòp. Alavni, mwen pa ka tann pou wè kijan investisman sa yo ap bay kominote nou yo kapasite pou pwoteje sante piblik, reponn a kriz klimatik la, epi ranfòse ekonomi lokal yo."

Reprezantan Tom Suozzi te deklare, "Lwa Bilateral sou Enfracstrikti a, ke mwen te ede negosye nan kad Kokis Moun k ap Rezoud Pwoblèm (Problem Solvers Caucus) nan, ap bay yon lòt fwa ankò finansman distri idwolik lokal nou yo bezwen yo. Pwojè sa yo nan Port Washington ak Westbury se investisman ki enpòtan anpil ki p ap sèlman garanti epi ranfòse enfracstrikti idwolik nou pou jenerasyon alavni yo men k ap soulaje tou tansyon finansye sou kontribyab lokal nou yo."

Yo te apwouve finansman pou pwojè yo nan rejyon sa yo:

Rejyon Kapital

- **Otorite Minisipal Finansman Dlo nan Albany**
 - Sibvansyon 1.3 milyon dola pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan koleksyon dlo lapli.
 - 12.9 milyon dola pou ranplasman apeprè 2,500 liy sèvis an plon. Sa enkli yon sibvansyon federal ak finansman san enterè, ki ansanm ak nouvo sibvansyon Remiz ak Transfòmasyon Enfracstrikti Prensipal eta a bay finansman san enterè.

Finger Lakes

- **Vilaj Clyde** - Sibvansyon 2.4 milyon dola ak pake finansman pou ranplasman filtè pou de pwi ak nouvo ponp tibin vètikal, modènizasyon nan sistèm alimantasyon chimik, ak konstriksyon yon nouvo sistèm tretman ak konstriksyon.

- **Vilaj Elba** - 4.1 milyon dola sibvansyon ak finansman san enterè pou konsepsyon ak konstriksyon izin tretman dlo ize ak amelyorasyon sistèm egou sanitè yo.
- **Komin Lyons** – Finansman 4.4 milyon dola san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon modènizasyon estasyon ponpaj nan sistèm koleksyon egou sanitè.
- **Komin Phelps** – Sibvansyon ak pake finansman 587,160 dola pou ekstansyon distri idwolik la pou bay dlo potab pou 25 pwopriyete ki depann de pwi prive sou White Road ak Marbletown Road.

Long Island

- **Distri Idwolik Greenlawn** – Sibvansyon 1.4 milyon dola pou enstalasyon de resipyan granilè aktif ki absòbe kabòn ak tout akseswa ki asosye pou trete kontaminasyon eleman òganik volatil, espesyalman trikoetèn, nan Tèt Pwi Nim. 6.
- **Distri Idwolik Port Washington** – Sibvansyon 5 milyon dola pou konstriksyon yon sistèm tretman kabòn aktif granilè pou retire PFOA ak PFOS nan Pwi Nim 7.
- **Distri Idwolik Westbury** – Sibvansyon 5 milyon dola pou enstalasyon de pè resipyan granilè aktif ki absòbe kabòn ak tout tiyo, valv, ak akseswa ki asosye yo pou trete PFOA ak PFOS nan Pwi Nim 15 ak 18.

Mid-Hudson

- **Vil Newburgh** – 44.9 milyon dola sibvansyon ak finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak amelyorasyon konstriksyon pou sistèm koleksyon egou konbine ak izin tretman dlo ize.
- **Vilaj Suffern** – Sibvansyon ak pake finansman 852,000 milyon dola pou reyabilitasyon twa resipyan filtè kabòn granilè aktif ki pa t fonksyone depi 30 lane.
- **Komin Wawayanda** - Sibvansyon 1.4 milyon dola ak pake finansman pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon yon nouvo sistèm sanitasyon iltravyolè nan Izin Tretman Dlo Ize Meadows.

North Country

- **Komin Ticonderoga** – 34.2 milyon dola sibvansyon ak finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon modènizasyon nan sistèm koleksyon ak izin tretman dlo ize.

Southern Tier

- **Vil Norwich** – 4 milyon dola sibvansyon ak finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon modènizasyon izin tretman dlo ize.

- **Komin Owego** - Sibvansyon ak pake finansman 9 milyon dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon Izin Kontwòl Polisyon Dlo, Egou Distri Nim. 1.
- **Vilaj Sherburne** – Sibvansyon 3.7 milyon dola pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon modènizasyon izin tretman dlo ize.

Rejyon Lwès Nouyòk

- **Otorite Egou Buffalo** – 62.2 milyon dola sibvansyon ak finansman pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon tretman prensipal ak modènizasyon sanitasyon wo debi nan Izin Tretman Dlo Ize Bird Island.
- **Konte Erie** – Sibvansyon ak pake finansman 56 milyon dola pou planifikasyon, konsepsyon amelyorasyon nan Etablisman Tretman Dlo Ize Avanse nan Southtowns.
- **Vil Lockport** – 9.1 milyon dola sibvansyon ak finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan Entèseptè Gòlf la.

Pwojè refiansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo

Konsèy la te pran mezi tou pou asire abòdabilite kontinyèl epi alontèm pwojè ki egziste yo. Konsèy la te apwouve finansman ki bay yon total apeprè 10.7 milyon dola pou pwojè yo te antreprann nan **Vil North Tonawanda** ak **Konte Chautauqua**, ki nan Lwès Nouyòk toulede.

Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refiansman finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo. Baze sou kondisyon aktyèl mache yo, yo prevwa ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribiyab yo ekonomize yon estimasyon 16 milyon dola nan peman enterè sou tout dire finansman yo.

Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo

Eta Nouyòk kontinye ogmante envèstisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 lan ke Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk ap investi yon montan rekò 6 milya dola nan enfrastrikti idwolik depi 2017.

Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi ede kominote yo pou pwofite envestisman sa yo. Gouvènè Hochul te anonse 435 milyon dola nan sibvansyon pou 102 pwojè an novanm nan, ki gen plis rekonpans pou pwojè dlo ize pou kominote ki pi pit ak sa ki defavorize yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominote (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak pwojè enfrastrikti dlo li yo pou [kontakte EFC](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)